**दिन–बुधवार** **दिनांक–05.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय लोकतांत्रिक गठबंधन एनडीए सात जून कऽ राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मूक सोझा सरकार बनेबाक दावा पेश करत। ओहि दिन एनडीए संसदीय दलक बैसक होयत जाहि मे नरेन्द्र मोदी के नेता चुनल जायत। आइ एनडीएक घटक दलक सरकार गठन के लऽकऽ दिल्ली मे भेल बैसर मे एहि पर सहमति बनल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की अध्यक्षता मे भेल बैसक मे तेसर बेर एनडीएक सरकारक गठन लेल आगूक रणनीति पर विचार–विमर्श कयल गेल। बैसक मे जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार, लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक जीतनराम मांझी आओर तेलगू देशम पार्टी प्रमुख एन. चन्द्रबाबू नायडू सहित एनडीएक आनो–आन घटक दलक नेता सभ छलाह। भेटल जनतबक अनुसार जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ तेलगू देशम पार्टी चन्द्रबाबू नायडू अपन समर्थन पत्र प्रधानमंत्री के सौप देलनि अछि। एम्हर, इंडी गठबंधनक सेहो अखन दिल्ली मे बैसक चलि रहल अछि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे जनौलनि जे चुनाव नतीजा आओर आगूक रणनीति पर विचार–विमर्शक लेल गठबंधनक बैसक भऽ रहल अछि। बैसक मे राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आओर भाकपा मालेक राष्ट्रीय महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य सेहो छथि।

---

जदयू जनौलक अछि जे पार्टी नरेन्द्र मोदीक नेतृत्ववला एनडीएक समर्थन करैत अछि। पार्टी प्रवक्ता के.सी. त्यागी जनौलनि जे हुनक पार्टी जाहि कारण सँ इंडी गठबंधन छोड़ने छल ओ अखनहुं बनल अछि आओर संग वापिस जयबाक कोनो प्रश्न नहि उठैत अछि। ओ जनौलनि जे हुनक पार्टी बिहार लेल विशेष राज्यक दर्जा चाहैत अछि।

---

आइ विश्व पर्यावरण दिवस अछि। आजुक दिन पर्यावरणक लेल जागरूकता बढ़ायब आओर पर्यावरण सँ जुड़ल मुद्दा पर काज करबाक लेल मनाओल जायत अछि। संयुक्त राष्ट्र पर्यावरण कार्यक्रम पृथ्वी पर जीवन संरक्षण लेल उन्नैस सय तिहत्तरि सँ हरेक वर्ष पाँच जून कऽ विश्व पर्यावरण दिवस मनेबाक घोषणा कयने छल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विश्व पर्यावरण दिवस पर नव दिल्ली मे **एक पेड़ माँ के नाम** अभियान शुरू कयलनि। एहि मे प्रधानमंत्री बुद्धा जयंती पार्क मे गांछ लगौलनि। श्री मोदी हरेक देशवासी सँ अपन मायक संग मिलि कऽ या हुनक नाम पर एक गाछ लगेबाक लेल जनौलनि। श्री मोदी एहि सँ जुड़ल फोटो **हैशटैग प्लांट फॉर मदर** आओर **हैशटैग एक पेड़ माँ के नामक संग** साझा करबाक लेल जनौलनि अछि। एम्हर, राजधानी पटना सहित सभ जिला मुख्यालय मे पर्यावरण दिवस पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

---

प्रदेशक उत्तरी आओर पूर्वी क्षेत्र मे पछिला चौबीस घंटाक बीच कतेको ठाम हल्लूक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार वाल्मीकिनगर मे सभ सँ बेसी छब्बीस दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। एम्हर, आइ दूपहर बाद सीतामढ़ी आओर मधुबनी जिला मे किछु ठाम तेज हवाक संग बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे बेसी ठाम बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल रहत। संगहि, अधिकतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच तैंतालीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग डिहरी प्रदेशक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल।

---

समस्तीपुर शहरक भोला टॉकीज रेल गुमटी लऽग टूटल पटरी के देखलाक बाद लाल गमछा देखाकऽ बाघ एक्सप्रेस ट्रेन के दुर्घटनाग्रस्त भेला सँ बचाबयवला तेरह वर्षीय मोहम्मद शाहबाज के रेलवे प्रशस्ति पत्र दऽकऽ सम्मानित कयलक अछि।

---

अररिया जिलाक एक अदालत जाली भारतीय मुद्रा बरामदगीक मामिला मे दू आरोपी के तीन–तीन साल कारावास आओर दस–दस हजार टाकाक अर्थदंडक सुनौलक अछि। संगहि, जिलाक भरगामा थानाक विषहरिया सँ पुलिस एक देसी पेस्तौलक संग एक अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।